

Lèt pou lafanmi


Chè elèv ak fanmi elèv la,

Klas nou an silepwen pou kòmanse yon nouvo sijè nan matematik, yon sijè kote elèv la kreye, travay ak, epi senplifye *ekspresyon aljebrik*. Ou ka rekonèt anpil nan travay ki nan chapit sa a si w sonje kisa w te etidye nan aljèb.

Aljèb se youn nan zouti ki pi pisan nan matematik. Yon egzanp nan jan li itil - epi sa ki menm pi enteransan nan li - se jan aljèb kite w etabli epi rezoud anpil pwoblèm san ou pa fè twòp efò. Men yon egzanp :

Pri yon biyè nan sinema koute 4,50\$ pou chak granmoun plis mwatye pri biyè yon granmoun pou chak nan kat timoun yo, mwens kupon 3\$ ou lan. Konbyen ou pral peye ? Repons lan se $[4,50x + 2,25(4) - 3]$ \$, kote x se kantite granmoun yo.

Nan chapit sa a, nou pral kòmanse aprann kijan pou multipliyè ekspresyon tankou $x(x + 5)$ ak $(x + 1)(x + 5)$ apatide yon *modèl jeyometrik*. Pa egzanp, pou jwenn sifas gwo rektang ki pi ba la a, ou ka multipliyè longè a pa lajè a, oubyen $x(x + 3)$. Men, nou ka kalkile sifas kare a tou, $x \cdot x$ oubyen x^2 , epi ou ka adisyone sifas ti rektang piti a, $x \cdot 3$ oubyen $3x$, pou w jwenn $x^2 + 3x$. Sa demontre $x(x + 3) = x^2 + 3x$.



Vokabilè Nan pwochen leson yo, nou pral aprann nouvo tèm vokabilè sa yo :

binòm

kap devlope

tèm sanblab

Kisa w ka fè lakay ?

Nan tout chapit sa a, elèv yo pral travay ak sitiyasyon reyèl epi ak modèl jeyometrik pou yo ka konprann *poukisa* kalkil yo fè ak senbòl yo mache jan yo dwe mache a. Ou ka ankouraje yon pi bon konpreyansyon si w mande elèv ou an pou li sèvi ak ni modèl jeyometrik ni senbòl jeyometrik alafwa pou li ka eksplike w travay lap fè a.

